

Plan Enstriksyon Ijans Lakay

March 14, 2020

Anons Sipèentandan an:

Mwen ap bay ou kèk detay konsa tout pati yo ava klè nan desizyon fèmte lekòl pou nou te fè gwo netwaye konplè Mèkredi 11 Mas 2020 an. Nan ka ke yon Konsèy Depatman Edikasyon resevwa yon rekòmandasyon alekri pa oubyen pa Depatman Sante New Jersey oswa pa yon Ofisyèl Sante nan Jiridiksyon an, Konsèy Depatman Edikasyon an kapab itilize entriksyon lakay pou li bay sèvis ansèyman a elèv ki anwole yo. Pwovizyon pou sèvis entriksyon lakay yo yo gide pa N.J.A.C. 6A: 16-10.1 epi li ka gen ladan sèvis dirèk, entriksyon sou entènèt, oswa nenpòt lòt mwayen distri a devlope pou satisfè bezwen elèv li yo. Jou ke elèv ki afekte nan yon fèmte akòz ak sante piblik genyen aksè a sèvis entriksyon lakay yo, ki konsistan avèk direksyon ke Eta bay, y'ap konte yo kòm jou lekòl an konfòmite avèk egzijans 180 jou a epi annakò avèk règleman N.J.S.A. 18A: 7F-9 la.

Lekòl Piblik Orange (OPS) pran angajman pou kontinwite bay ansèyman, espesyalman lè kondisyon ijans mande pou plan altènatif. Sizanka ta gen sikonstans atenuan, OPS ap adopte yon platfòm aprantisaj vityèl (tankou: Google Klas, Klas dorò) epi li pral bay Resous pou Aprann Elaji pou asire kontinyasyon ansèyman an lè elèv yo pa ka ale lekòl akòz fèmte lekòl distri a.

Nan ka kote aksè dijital sou entènèt ak resous entènèt yo ta limite, n'ap enprime materyèl ansèyman yo epi n'ap prepare pou nou voye lakay. Pandan ke nou pa genyen entansyon ke platfòm vityèl la ranplase anviwònman salklas tradisyonèl la, pwofesè yo ap toujou kapab delivre entriksyon ki baze sou estanda bay elèv yo nan yon anviwònman sou entènèt oswa enprime jiskaske pwogram nòmal lekòl la ka rekòmanse.

Objektif dokiman sa a se pou dekri kijan OPS pral kontinye bay ansèyman ak aksè nan lekòl la ak anplwaye distri yo pandan ke yon anviwònman salklas tradisyonèl otreman pa rekòmande. Plan an prezante wòl ak responsablite pou tout moun ki gen enterè nan kominote a, paske siksè modèl ansèyman vityèl la pral depann de devouman fakilte / anplwaye yo, elèv yo, paran yo, ak administrasyon distri a. Plan sa a te devlope annakò avèk mesaj Depatman Edikasyon NJ a ki li te voye 5 Mas 2020 an.

Gade anba a pou wè deskripsyon detay kalandriye evènman ak aksyon ki te delivre bay fakilte / anlwaye yo, elèv yo, paran yo, ak administrasyon distri an jiska koulyè a an repons a pandemi COVID-19 la ak nan pweparasyon pou fèmen lekòl posib.

28 Fevriye	<p>Tab Wonn Sipèentandan an: Direksyo yo bay an referans a: planifikasyon ak preparasyon an repons a Koronaviris (KOVID-19) la</p> <p>Sit wèb Distri a ajou pou bay direksyon a pwofesè / anlwaye yo, elèv yo, paran yo, ak administrasyon distri a konsènan KOVID-19 la</p>
29 Fevriye	<p>Sipèentandan an te voye yon mesaj bay tout enfimyè lekòl yo ki endike enpòtans pou itilize bon pwosedi pou lave men nan klas Pre-K jiska 12yèm ane tandiske nouvèl yo rapòte ke nomb victim COVID-19 yo ap ogmante nan Etazini.</p>
29 Fevriye-2 Mas	<p>Enfimyè Lekòl yo te voye korespondans bay kòlèg yo, lè yo edike, endike bon fason pou yo lave lave men yo tou ansanm ak pwotokòl si anlwaye oswa elèv yo montre sentòm yo. Pwosedi pou lave men yo ak videyo yo te pataje atravè distri a pa enfimyè lekòl yo</p>
2 Mas	<p>Yo te kreye yon kwen Enfimyè sou sit wèb distri a pou bay konsèy itil ak videyo ki gen rapò ak mòd vi ki bon pou sante, konbat maladi, ak videyo ak Teknik sou bon jan pou yo lave men.</p> <p>Biwo Konte a te voye yon imèl bay tout Sipèentandan k'ap bay direktiv sou COVID-19 la; answit yo te voye bay enfimyè lekòl yo pou revizyon</p>
4 Mas	<p>Yo te voye yon Lèt bay Fanmi ak Anplwaye, yo te voye'l tou bay fakilte / anlwaye yo, paran yo, ak administrasyon distri a konsènan COVID-19 la</p>
6 Mas	<p>Direktè/Direktris yo te fè refleksyon avèk Sipèentandan an alantou lide ki fè referans a: devlopman pwofesyonèl ak planifikasyon ansèyman pou lekòl yo pou sizanka ta genyem fèmti lekòl an rapò avèk lasante</p>
9 Mas	<p>Direktè/Direktris depatman yo , Direktè/Direktris lekòl yo , Sipèvizè, Anplwaye Enfòmatis ak Teknoloji Enstriksyon yo te rankontre pou yo te kòmanse trase plan aksyon ansèyman pou sizanka ta genyem fèmti lekòl an rapò avèk lasante. Sondaj elèv ak anlwaye yo te distribye nan tout lekòl yo pou evalye aksè lakay nan aparèy elektwonik ak Wifi / Entènèt</p>
10 Mas	<p>Yon Reyinyon pou Direktè/Direktris yo te fèt nan Park Avenue Elementary School pou revize tout dokiman oryantasyon yo nan atant ke ta dwe fèmen lekòl. Direktè/Direktris yo te prepare pou sesyon devlopman pwofesyonèl sou aprantisaj vityèl ke yo tap pral dirije 13 Mas</p>
11Mas	<p>Pandan ke pa te genyen okenn ka COVID-19 ki te rapòte nan VilOrange, distri a te fèmen pou nou te fè yon gwo netwayaj ak asenisman nan tout bilding distri a.</p>

12 Mas	<p>Sipèntandan an te òganize yon Reyinyon pou Enfimiyè yo pou dekri pwosedi lasante ak rapèl pou fanmi yo konsènan elèv ak anplwaye ki ta malad</p>
13 Mas	<p>Yo pataje aparèy avèk Sipèvizè Teknoloji Edikasyonèl la tankou fè envantè travay aparèy elektwonik yo nan aparèy nan distri a nan ka nou ta bezwen fè difizyon nan gwo echèl. Sondaj Paran yo te fèt sou entènèt / pa telefòn pou evalye aksè nan aparèy elektwonik ak Wifi / Entènèt</p> <p>Distri a bay yon ½ jou (PM) nan Devlopman Pwofesyonèl pou anplwaye yo kòmanse planifye ak prepare leson ansèyman ak sipò nan ka nou ta dwe fèmen lekòl. Oryantasyon dokiman yo gade anba a ansanm ak ajanda epi deskripsyon pou Direktè/Direktris lekòl yo.</p>

Wòl ak Responsablite – Paran

Li enpòtan pou paran ak elèv yo genyen aksè nan divès kalite sit vityèl aprantisaj nan tout lekòl yo, pwofesè yo, nivo klas yo, depatman yo, ak matyè debaz yo pou yo konsistans nan pwosesis la. Pwosesis la pou navige nan yon paj ijans **Aprantisaj Elaji** yon pwofesè lekòl (pou enstriksyon lakay) li drese konsa:

Vizite sit entènèt lekòl la - Fakilte - (chwazi pwofesè a) – Tab aprantisaj lekòl ki pi long (oswa kontni ki sitiye dirèkteman sou paj dakèy pwofesè a).

Sipòte pitit ou nan pwosesis aprantisaj yo pa:

- ✓ Siveyans dènye enfòmasyon lpon gay eke OPS te voye atravè telefòn, klas dojo, Rapèl, salklas Google, sit entènèt distri a, elatriye.
- ✓ Tcheke ak pitit ou chak jou sou travay lakay / aprantisaj Vityèl, aktivite yo, ak evalyasyon ke y'ap travay sou yo
- ✓ Ankouraje aderans ak prezans sou travay lakay / aprantisaj Vityèl yo alè ki ofri pa chak pwofesè pitit ou a.
- ✓ Deziyen yon kote ak yon lè kote pitit ou ap travay poukont li sou travay li te plase yo
- ✓ Mande pitit ou a bay yon rezime tou kout sou aprantisaj li ap angaje nan pou chak klas pou asire konpreyansyon li nan kontni an
- ✓ Mande pitit ou a dat limit yo epi sipòte yo, jan sa nesèsè, nan soumèt devwa yo dapre dat limit ki etabli yo
- ✓ Ede pitit ou jere gid pou pwogrè a pou dokimante pwogrè sou devwa ak leson yo
- ✓ Raple pitit ou pou li kontakte / voye yon imèl ba pwofesè li yo si yo gen nenpòt kesyon

Sipò Adisyonèl:

Direkwa pou kontakte Konseye Pedagojik ak Travayè Sosyal lekòl yo (Sipò/chòk Sosyal emosyonèl Sipò), enfimiyè (Medikal), ak Manm Ekip Etd Timoun (Sèvis Espesyal):

- ✓ <https://www.orange.k12.nj.us/Page/24120>

Orè Biwo/Sipò Vityèl bay aksè a:

- ✓ Administratè/Administratris yo
- ✓ Pwofesè/Parapwofesyonèl yo
- ✓ Kowòdonatè Teknoloji yo
- ✓ Ekip Etd Timoun yo

- ✓ Ekip ESL yo
- ✓ Konseye Pedagojik/Travayè Sosyal yo
- ✓ Enfimiyè yo
- ✓ Sekreté yo

Wòl ak Responsablite – Elèv

Responsablite elèv yo genyen ladan yo:

- ✓ dantifye yon espas konfòtab ak trankil pou etidye / aprann
- ✓ Dedye tan apwopriye pou aprantisaj, jan pwofesè ou yo gide w
- ✓ Regilyèman tcheke ki apwopriye salklas Google ak Imèl pou enfòmasyon sou klas ou yo, devwa, ak resous, sou yon baz chak jou
- ✓ Ale epi patisipe nan nenpòt ki lè ke ou tcheke a ki ofri pa pwofesè ou
- ✓ Patisipe nan tribin/platfòm vityèl ak onètete akademik, entegrite ak selon règleman akseptab distri a
- ✓ Soumèt tout devwa yo dapre delè yo ak / oswa dat limit yo

Si ou gen difikilte teknik pou genyenaksè ak devwa yo, tanpri kontakte Kowòdonatè Teknoloji lekòl ou a pou sipòte jan sa dekri anba a:

Imèl Adrès Teknoloji Kowòdonatè yo:

Cleveland/Scholars	plaisine@orange.k12.nj.us
Forest/STEM	irvingna@orange.k12.nj.us
Heywood/Newcomers	stjeanan@orange.k12.nj.us
Lincoln	mitcheom@orange.k12.nj.us
OPA	phippste@orange.k12.nj.us
OHS	budhuber@orange.k12.nj.us
Oakwood/OECC	lloydlin@orange.k12.nj.us
Park	harlemde@orange.k12.nj.us
Rosa Parks	vaughaty@orange.k12.nj.us

Wòl ak Responsablite – Lèkòl/Pwofesè yo

Liyen a: [Atant pou ansèyman/enstriksyon lakay](#)

- ✓ Kreye yon platfòm salklas Google epi asiye elèv ou yo
- ✓ Kreye yon Klas dojo oswa Kont Rapèl ki sèvi kòm platfòm kominikasyon pou kontak paran yo
- ✓ Pataje kòd salklas Google yo avèk direktè ak sipèvizè respektif pou yo ka wè sit la ak devwa ki akonpaye li yo
- ✓ Telechaje devwa ki baze sou estanda / evalyasyon nan salklas Google oswa Klas doro oswa Paj wèb/entènèt Pwofesè yo
- ✓ Tèste tribin/platfòm vityèl yo
- ✓ Fè kopi enprime aktivite pou elèv ki genyen aksè limite nan aparèy elektwonik oswa entènèt
- ✓ Mete ajou tab "Aprantisaj Elaji" ki anba paj wèb pwofesè respektif ou
- ✓ Refere fòmasyon tityèl avanse yo nan sa ki annapre yo: Resous sou Google, Salklas Google, Doro Gwoup, ak Raple
- ✓ Sipòte kamarad klas ki nouvo nan tribin/platfòm ki endike anwo a
- ✓ Mete lè biwo (AM: 1-2 èdtan; PM: 1-2 èdtan) pou

- ✓ Kominikasyon avèk elèv yo, paran yo, administratè yo • telechaje/ nòt /bay fidbak devwa korije
- ✓ Remak: Paraprofesyonèl yo genyen menm lè biwo ak aksè nan pòtal kourikoulòm (Salklas Google Klas doro, elatriye)

Dokiman pou Direksyon– Resous pou Aprantisaj Elaji an Ijans

Matematik

- ✓ <https://www.orange.k12.nj.us/Page/23883>
- ✓ <https://www.orange.k12.nj.us/Page/23916>
- ✓ <https://www.orange.k12.nj.us/Page/23917>

Angle/Literati

- ✓ <https://www.orange.k12.nj.us/site/default.aspx?PageID=23892>

Syans Sosyal

- ✓ <https://www.orange.k12.nj.us/Domain/1925>
- ✓ <https://www.orange.k12.nj.us/Domain/1300>

Syans

- ✓ <https://www.orange.k12.nj.us/Page/23902>
- ✓ <https://www.orange.k12.nj.us/Page/23903>
- ✓ <https://www.orange.k12.nj.us/Page/23904>

STEM

- ✓ <https://www.orange.k12.nj.us/Page/23915>

Karyè ak Edikasyon Teknik (CTE) ak Enfòmatrik

- ✓ <https://www.orange.k12.nj.us/Page/23858>

Sèvis ki Matche (Services Related)

- ✓ <https://www.orange.k12.nj.us/Page/23957>
- ✓ <https://www.orange.k12.nj.us/Page/23959>
- ✓ <https://www.orange.k12.nj.us/Page/23960>
- ✓ <https://www.orange.k12.nj.us/Page/23961>

ESL/Bileng

- ✓ <https://www.orange.k12.nj.us/Page/23965>

Health and Physical Education

- ✓ <https://www.orange.k12.nj.us/Page/23859>

Atizana Vizyèl ak Atizana Pèfòmans (Caree Visual and Performans Arts)

- ✓ <https://www.orange.k12.nj.us/Domain/33>

Lang Mondyal

- ✓ <https://www.orange.k12.nj.us/Domain/2217>

Minit Enstriksyon Pa Jou/Pa Sijè

Grades	Math	ELA	Soc. St.	Sci.	VPA	PE/Health	CTE/CL	WL	STEM	Total
PreK-K	15	15	(ELA)	10	10	20	15	15	15	1 hour 45 minutes
1-2	20	20	15	15	15	20	20	20	20	2 hours 45 minutes
3-5	25	25	20	20	15	20	25	25	25	3 hours 20 minutes
6-7	30-45	30-45	25	25	15	20	35-45	25	35-45	3hours:50 mins 4hours:50 mins
8-12	30-45	30-45	25	25	15	20	35-45	25	35-45	3hours:50 mins 4hours:50 mins

**Pre-K - K, y'ap plase Syans Sosyal nan Angle/Literati (ELA)*

Sèvis Manje Maten ak Manje Midi

Lekòl Piblik Distri VilOrange pral bay manje maten ak manje midi ki gen pake 'Grab/Pran-epi-Go/Ale', k'ap kòmanse madi 17 Mas 2020 pou fanmi gratis, nan plizyè kote pou rankotre.

- Newcomers, sitye nan 123 Cleveland Street
- OECC (genyen ladan yo elèv ki soti nan Cleveland Street School), ki sitye nan 397 Park Avenue
- Scholars Academy, ki sitye nan 268 Capuchin Way
- Forest Street School, ki sitye nan 651 Forest Street
- Heywood Avenue School, ki sitye nan 421 Heywood Avenue
- Lincoln Avenue School, ki sitye nan 216 Lincoln Avenue
- Oakwood Avenue School, ki sitye nan 135 Oakwood Avenue
- Park Avenue School, ki sitye nan 231 Park Avenue
- Rosa Parks Community School, ki sitye nan 369 Main Street
- Orange Preparatory Academy, ki sitye nan 400 Central Avenue
- Orange High School genyen ladan yo elèv ki soti nan (STEM Academy), ki sitye nan 400 Lincoln Avenue

Orè Sèvis pou toulède manje maten ak manje midi yo òganize pa siyati:

- A-F: 7:30am – 8:00am
- G-L: 8:00am – 8:30am
- M-R: 8:30am – 9:00am
- S-Z: 9:00am – 9:30am

Sipò ak Deplwaman Aparèy Elektwonik

Pou moun ki reponn atravè sondaj paran yo, ke te voye Jedi 12 Mas ak Vandredi Mas 13 Mas la (sondaj ki genyen rapò ak moun ki genyen aksè sou entènèt ak aparèy elektwonik lakay tankou tablèt, òdinatè, Kwommbouk, ak laptop) epi ki endike ke bezwen èd pou aparèy sa yo, n'ap mete fòm ak pwosedi anplis nan lekòl yo pou. Paran, n'ap mande ou pou vin siyen pou pran yon aparèy elektwonik pou pitit ou, men nou vle ke ou vini avèk yon Idantikasyon/ID Govèman an ki valid. Kowòdonatè Teknoloji yo se yo menm ki anchaj pou fè pwosesis distribisyon sa a. Siyati Kwommbouk yo ap fèt sèlman pou elèv ki nan klas K - 12.

Tan distribisyon pou tout lekòl distri yo repati konsa konsa: 9:00 AM-11: 00 AM ak 1:15 PM rive 3:15 PM. Scholars ak Orange Early Childhood Center (OECC) gen devwa ki pa mande pou entegrasyon teknoloji Se poutèt sa pa gen okenn bezwen pou siyati pou soti kwommbouk nan de kote sa yo.

Vizite [COVID-19 Resource Page](#) (Paj Resous KOVID 19) la pou aksè enfòmasyon aditasyonèl

- ✓ Akò Prè Teknoloji Edikasyonèl
- ✓ Enstriksyon pou Swen Kwommbouk yo